# *Иунæг*

***Æлборты Баби***



## ИУНÆГ

*Ацы мæнг дунейы*
*Иунæгмæ ма бабæлл;* (2 хатты)
*Сау хъæды халонæй*
*Иунæг мæгуырдæр у.* (2 хатты)

*Уымæн нæй фарсдарæг,*
*Уымæн нæй тугисæг;* (2 хатты)
*Хохы дæр иунæг у,*
*Иунæг быдыры дæр.* (2 хатты)

*Иунæг йæ цины бон,*
*Иунæг йæ зыны бон,* (2 хатты)
*Иунæг йæ цæргæйæ,*
*Иунæг йæ мæлгæйæ, гъей.* (2 хатты)